ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№95-96 (21.504) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсенрэ Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануаррэ фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхь.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Кьасболэт и псалъэ.

● Нэщхъеягъуэ пэкІу

А зы ІэпапІэр нэсу схуэджамэ...

Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ сыну Налшык дэтым и деж зэсэмахуэ цІыху куэд дыдэ кьызрихьэлІа пэкІу щекІуэжІащ. Абы кьекІуэлІащ дадэ жьакІэхуэхэр. нанэ Іуахуэхуэхэр. лъэпкьлІ гъуэзэджхэхэр, дызыщыгугъ щІалэгъуалэр, къэкІуэнур зей сабийхэр. Кьикіат ахэр Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэм, ди лъэпкъым егъэзыпІэ щагъуэта къэралыгъуэхэм. Зэхуэсыжат адыгэр гъыбзэкІэ иуха ильэсищэ зауэр игу кьигъэкІыжыну, абы кьригкІуахэм иджыри зэ хэпльэжыну.

ПэкІуМ и пэ кьихуэу утыку кьихьа ныбжьыщІэхэм кьызэхуэсахэм ягу кьагъэкІыжащ лІыгъэрэ гуауэкІэ гъэнщІа адыгэм и тхыдэ жьыжьэр. Налшык кьалэм и уэрамхэр кьызэпаупщІри лъэпкъ ныП удзыфэхэр я щхьэщыгум щыуфэразэу цей екІухэр зыщыгъ шууейхэр Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ сыным кьекІуэлІащ.

Зэрытраухуам тету, сыхьэтыр пщыкІуэным пэкІум щІидзащ. Щхьэуфэцыр игъэтэджу микрофоным кьоІукІ зи ахъэтыр нэху хьун цІыхубэ тхакІуэ гъуэзэджэ, кьызыхэкІа лъэпкъым зиуэщІын папщІэ хуэзэфІэкІ псори зыщІа Іутіык Борис дунейм ехьжыным куэд имыІэжу зэхилъхьэу езыр кьеджэжу иригъэтхыжа литературэ-художественнэ композициэр. Ар иужь кьинахэм яхуищІа уэсэтым хуэдэт:

Сыныроплъэжыр
гъуэгуанэ кІыхьу
Зэманыжь гъуэзым
хэзэрыхьыжым,
Кьызопщытэжыр си
лъэпкъ адыгэм,
И тхыдэу уи пкъым и
зы Іэпапіэ.

А зы Іэпапіэр нэсу
схуэджамэ,
Дунейм и щэхухэр нахуэ
сщыхьунут,
А зы Іэпапіэр
кьэсхутэфамэ,
Си гурыгъуэхэр нэхъ
сабырынут.
АтІэми, нэсу зыми
жиІэфкъым
Адыгэ лъэпкъым и хьыбар
пэжыр,
Ар езы лъэпкъым и
гущІагъщІэльщи,
ГурыщІэ щэхуІэ дэ
кьытхуеІуатэ...

Батыргъэн бжьамишхуэм гьуор епщэри, гъыбзэ макъамэр щІэту, Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсен, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Іэтащхьэ Ярин Андрей, Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Жамборэ Владимир, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щы-Іэм и аппаратым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьеГъэщІыІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Щоджэн Мухьэмэд, министрхэм, Парламентым и депутатхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм «ГъащІэм и жыг» фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхащ.

Кавказ зауэр зэриухрэ ильэси 145-рэ щрикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ кьызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм кьабгъэдэкІыу зэІуШІэр нублащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан.

- Дэ нобэ дыкъызэхуэсащ лъапсэрых Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ дахэр дигу кьэдгъэкІыжын папщІэ, - жиІащ абы. - Кьызэхуэсыгъэ-пэщакІуэ комитетым хэтхэм тлъэкІ кьэдгъэнакьым зыкъытхуэзыгъэзэа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыху щхьэхуэхэм я жэрдэмхэр ядэтІыгъын, ахэр хьэтІыльэтэн папщІэ. Кьызхэгъэзыну сыхуейщІ щыгъуэ махуэм екьэлІа Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэ псоми нобэ зэрыщыІэр.

Пэкіум хэтхэр уэрамым ирокІуэ.
Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Пэкіу зэыгъэкІуэжІын ягъэ псалъэ иритащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Кьасболэт.

- Кавказ зауэр адыгэхэм я дежкІэ лъапсэрых дыдэт, - щыжиІащ абы и доклад кІэщІым. - Ди цІыху минищэхэм я гъащІэм зыхьа, лъэпкъым и социально-политикэ зыужьыныгъэр кьызэтезыгъэувыІа заузщ ар. ИтІани, 1980 гъэхэм и кІэухэхэм щегъэжьауэ властым зэрызыхуэпсаазэ Іуэхугъуэхэм кабзэнщагъэ зэи хэтлъхьакьым. Адыгэхэм яІэ щІагъэжар я Хэкур, зэхэтыкІэр, кабзэр яхьумэжьын папщІэщ. Іэщэкіэ биим зэрыпэщІэтам кьыпызыщу кьэльэтэн хуейщ адэжь щыналъэр зэрырагъэбгына Истамбылакіуэри. Блэкіам дыщыхуеплъэкІыжкІэ, дэ ди мурадкьым кьэкІуэнум ди щІыбыр хуэдгъэззыну. Нэхъыщхьэр блэкіам ехьэлІа Іуэхугъэхэм дыхуэгъасьынырщ. Тхьдэр дджьын, тщІэн щыхуейр блэкіам дыдэщІиІыгъэн папщІэкъым, атІэ ди кьэкІуэнум дытелэжьэн щхьэкІэщ.

Ильэс дапщэ дэкіам, Кавказ зауам и кІыхьыжьхэм, абы и хьэзабэр зыШэчахэмрэ хэкІуэдахэмрэ, хэкум ирахуа мухьэжьир ди нэхъыжьыфІхэм яхуэгъэза гупсысэр уахьтынШэщ. ГущІэгъуншэ льапсэрыхым адыгэр дуней псом щызэбгридзащ. Ауэ абы аргуэру зыкьызэриужьыжьын кьару зэригъэІуІужьфащ. Адыгэхэм Урысей Федерацэм езыхэм я кьэралыгъуэ щалэжщ. Хамэщым и дыджьир зыгъэва ди хэкуэгъуэгэ я адэжь льаХэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм нэхъ жьыджэру кьыхоххьэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм кьыхигъэщащ тегушхуауэ ипэкІэ дыпэкІи папщІэ дызыхуей псорэ зэрыдиІэр - зызыужь демократиер зи льабжьэ федеративнэ къэрал, льэпкъ зэхущытыкІэ нэхъ гугъу дыдэхэм хэкІыпІэ кьызэрыхуагъуэт Іэмалхэр, зэкьуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я льапІэныгъэхэм теухуа зэхэщыкІыр, цІыхум и сэбэп зыхэлъхэм тещІыхьа экономикэ зыужьныгъэм и стратегиер. Аращи, Кавказ зауэм и напэкІуэщІхэм хуэдэхэр дымыбзыщІу, дытемышыныхьу кьэралым и блэкІам дриплъэж хьунущ. Абы и фэеплъым дызэкъуичынукьым, атІэ дызэкъуигъэувэнущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Кокойты Эдуард фІыщІэ къахуещІ

Осетие Ипщэм и Президент Кокойты Эдуард Къэбэрдей-Балькъэрым кьэкІуащ, 2008 гъэм и щыщхьэІум Куржын Осетие Ипщэм щытеуами а зауэм и Іуэжьхэр щагъэзэкІуэжми ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэрыкъуагъэм пащІэ фІыщІэ яхуищІыну.

А ЗАУЭМ и ужькІэ къэрал щхьэхуэ хъуа щІыналъэм кьыкІа хьэщІэхэр Правительствэм и Унэм щригъэблэгъащ республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсен.

- Ди лъэпкъхэм куэд щІауэ яку дэльщ зэныбжьэгъугъэр, дзыхьымрэ пщІэ зэхуэщІыныкьмрэ зи лъабжьэ зэхуэщытыкІэфІхэр икІи дэ ди кьаІэнщ абы дяпэкІи зедгъэуужьыну. Ди кьуэшхэм гуауэщхуэ я нэгу щІэкІащ 2008 гъэм и щыщхьэІум. Осетие Ипщэм щыпсэу лъэпкъхэр зэтезыукІэну хуеяхэр зэтрагъэувыІащ, псом япэ Урысейм илэжа Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ. Абы зэтриІыгъащ Кавказ псом кьыщылыдыдыкІэ хьуну щыта зауэри. Иджы республикэм къэралыгъуэщІэм хуэкІуэ гьугуанэ хьэлъэ икІун хуейщи, си фІэщ мэхъу зэрытлъэкІыну абы сыг и лъэныкъуэкІи дыдэІэпыкъуну, - жиІащ Кьанокьуэ Арсей.

Кокойты Эдуард жиІащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу лъэпкъхэм фІыщІэ яхуищІын папщІэ кьызэрыкІуар. Абы Зэныбжьэгъуэм и Орденыр, Осетие Ипщэм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр, иритыжащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануар, Правительствэм и вице-премьер кьулыкъым пэрыту, Осетие Ипщэм дэІэпыкъунымкІэ штабми и унафэщІу щыщыта зэманым, ІуэхугъуэрЕ куэд зэриІежьам кьыхэкІыу.

«КъэхуькъащІэ хьэлъэхэмкІэ медициным» и ГУЗ-м и дохутыр нэхъыщхьэ Кьардэн Алим Осетие Ипщэм кьыхигъэфащащ «Осетие Ипщэ Республикэм щІыпІэ зиІэ и дохутыр» цІэ льапІэр.

КъэралыгъэщІэм и нагъыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ медициным и дзжьакІуэ 11-м, Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу цІыху 34-м Іэрагъэхьащ Осетие Ипщэм и Президентым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ письмохэр. Осетие Ипщэм и Іуэхур зыІутым щытепсэлъыхьым, Кокойты Эдуард кьыхигъэщащ а кьэралыщІэм и унафэщІхэр нобэ дунейпсо ипикъм и фэрыщІагъым, бзитІащхьитІ ІуэхуэхьэкІэм зэрыІуэур.

- Женевэ дыщыІэсурыІуауэ щыт пэтми, зэгурыІуэныгъэхэр ягъэзащІэрхьым. Евросоюзым кьыгурыІуэу щытын хуейщ осетин лъэпкъыр зыгъэкІуэдыну хущІэкъу Куржым жэуапІныгъэр зэрыдиІхыр, сыту жьапІэмэ Куржыр ЇэщкІэ зыуэздыр НАТО-ращ икІи абы хьыхь къэралхэм я зауэлІхэращ Куржым къэкІуар зауэ Іуэхуэхмкіэ зэчэнджащыну, загъэсэну. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, зэгурыІуэныгъэ псомиадхэр обжьхуащ, - жиІащ Кокойты Эдуард.

Журналистхэм я упщІэхэм жэуап щритым, Кокойты кьыхигъэщащ Абхазымрэ Осетие Ипщэмрэ Кавказым щекІуэкІ политикэ зэпэщІэтыныгъэм и удын нэхъыщхьэхэр зэратехуар.

- Кавказыр ди зэхуэдэ унэщи, зыми хуэдэнкъым ди дежь кьакІуэу унафэ кьытхуищІу. Араш Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр нобэ псом хуэмыдэу зэкъуэтын щыхуейри, - жиІащ Осетие Ипщэм и Президентым.

Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Осетие Ипщэмрэ я президентхэр тыгъэхэмкІэ зэхъуэжащ.

ГЪУЩІЭ Зариф.

Сурэтыр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

Мэжджыхьым Кубокыр къехь

Урысей Федерацэм Аглетикэ хьэльэмкІэ и Кубокыр зыІорыгъэхьэным теуХуауэ Владикавказ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Мэжджыхь Эдуард текІуэныгъэр кьыщыхьащ.

КИЛОГРАММИ105-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абы тІэу бгъэдыхьэгъуэм килограмм 400 кьыщІэтащ. Ар килограммибгъуКІэ еФІэкІащ и хьэрхуэрэгъэм.

Мы зэхьэзэхуэм кьыщыхэжаныкІащ Къэбэрдей-Балькъэрым икІа нэгъуэщІ зы щІали. Килограмм 69-м нэсхэм я зэныкъуэкъуныгъэм килограмм 293-рэ тІэу бгъэдыхьэгъуэм кьыщІэтри, Геккиев Таукъан дыжьын медаль зыІэригъэхьащ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Сом минищэ къызыпэкІуа ехъулІэныгъэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ. «Зыгъэ щыт Урысейр зэпыщІэныгъэм и партым и пашэ Путин Владимир и саугъэтыр кьахьыи папщІэ Хасаворт (Шэшэн Республикэ) дзэломкІэ щрагъэкІуэжІа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балькъэрым икІа щІалиц кьыщыхьжаныкІащ.

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Къэрал ЩхьэхуитхэмрэЗэныбжьэгъуныгъэмрэ хьыхь щІыпІэхэм кьыкІа бэнакІуэ 232-рэ зыхэта зэхьэзэхуэм и хьэлъагъ елыытауэ кьаІэува я хьэрхуэрэгъу псори щыхагъащІэри, дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьащ Бекъуд Романрэ (килограмм 66-рэ) Хьэбэныр Мурат (килограмм 81-рэ). Абыхэм саугъэту дэтхэнэми сом минищэ иратащ. Зэпеуэм етІуанэ увыпІэр кьыщызыхьа Мэремыкъуэ Азэмэт (килограмм 73-рэ) сом мин 50 кьыпыкъащ. Ахэр ягъэхъэзыращ Емкъуж Мухьэмэдрэ Иванов Дмитрийрэ.

ХЬЭПЭ Мариет.

● Хъыбар гуапэхэр

Шостакович Дмитрий и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Къэрал филармонием и симфоние оркестрым и хуэмедгъэнаф унафэщІ, филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ Темыркъан Юрэ а кьалэм Щыхь зиІэ и цІыху щІэ лъапІэр кьыфІащащ. А хъыбар гуапэм щыгуфІыкІащ мэстрэр кьыщалъхуа Къэбэрдей-Балькъэрым и щыхуэр.

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен хьэуэху телеграммэ хуигъэхьащ дирижер цІэрыІуэм. Абы итщ мыпхуэдэу: «Санкт-Петербург кьаІэм щыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр кьызэрыпфІащам сэ хуабжьу сыщыгуфІыкІащ. Уи ехьулІэныгъэхэм гулыытэрэ пщІэрэ кьызэрыпэкІуэмкІэ сынохьуэхьу, узыншагъэ быдэ уиІэу, уи лъэпкъри Хэкури бгъэушхуэу щэнхабзэм ильэс куэдкІэ ухуэлэжьэну си гуапэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Зэныбжьэгъуэхэ?

Къэрал зэхущытыкІэхэмкІэ Тыркум и пашэ щІалэгъуэм и унафэщІ Оган Синан кьызэрилъытэмкІэ, Тыркумрэ Урысеймрэ я премьер-министрхэр зэрызэныбжьэгъум и фІыгъэкІэ, а къэралитІыр зэрызэдэлажьэ щІыкІэм зегужь.

- Накьыгъэм и 16-м Тыркумрэ Урысеймрэ я премьер-министрхэр Сочэ щызэІущІа нэужь, иджыри зэ наІуэ хуэщІ ди къэралхэр фІыуэ зэрызэхущытыр, - жиІащ Тыркум и Президентым, Путин Владимиррэ Тайип Эрдоганрэ иужьрей илъэситхум къариубыдэу я зэрызэхуэзар щыхьгъэщІри.

Мэкъуауэгъуэм Путиныр Тыркум кІуэнущ, абы сатуэкономикэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ правительствэхэм я комиссэм щригъэкІуэкІыну зэІущІэм хэтын папщІэ.

Зочэнджэщхэр

Египетым къэрал щІыб Іуэхуэхмкіэ и министр Абуейт Ахьмэд Москва щыІущІащ Урысеймрэ къэрал щІыб Іуэхуэхмкіэ и министр Лавров Сергей.

Ахэр тепсэлъыхьащ къэралитІым зэхуэІэ зэхущытыкІэхэм, Къухьэпіэ Іуэнэгъум щыІэ политикэ Іуэхуэхэм. Египетым и министрыр щІэупщІащ Къухьэпіэ Іуэнэгъэр зыхэмыкІ къэгъэзэкІуэжьыным теухуауэ Москва щызэхэтыну конференцыр къызэгъэпэща зэрыхъум. Ахэр тепсэлъыхьащ Ираным и ядернэ Іуэхугъэм. Афганистанымрэ Пакистанымрэ къызэрыхуэта щытыкІэм Урысейр зэрепльым.

(ИТАР-ТАСС).

Президентым и хъуэхъу

щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр кьызэрыпфІащам сэ хуабжьу сыщыгуфІыкІащ. Уи ехьулІэныгъэхэм гулыытэрэ пщІэрэ кьызэрыпэкІуэмкІэ сынохьуэхьу, узыншагъэ быдэ уиІэу, уи лъэпкъри Хэкури бгъэушхуэу щэнхабзэм ильэс куэдкІэ ухуэлэжьэну си гуапэщ».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Мы махуэхэм

Накьыгъэм и 23, *щэбэт*

◆ Германием президент щыхах.

◆ 1860 гъэм Санкт-Петербург лэжьэн щыщІидзат Урысейм и япэ Парламентым - Къурал Думэм. Ар зэбгригъэкІыжащ 1917 гъэм щыІа революцэм.

◆ 1938 гъэм яуХуащ Налшык-Пятигорск, Налшык-Орджоникидзе (иджы Владикавказ) гъуэгухэр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 35-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 31-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 56-рэ.**

Накьыгъэм и 24, *тхьэмахуэ*

◆ **Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ.**

◆ СССР-м и Правительствэм и Унафэкіэ, Шапсыгъ районым и ФІэщыгъэщІэр яхуэужащ. Абы Лазаревскэ фІащащ, Кавказыр кьэзызэуахэм ящыщ генерал Лазарев и цІкІэ. Шапсыгъэр нобэр кьыздэсми хущІокъу я районыр зэфІэгъэувэжьным, ауэ зэкІэ Іуэхур яхуэгъэкІуатэркъым.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 34-м, кьуэхьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 32-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 58-рэ.**

Накьыгъэм и 25, *блыщкьэ*

◆ Зи щІыналъэ и унафэ зымыщІыкІ лъэпкъхэм кьащхьэщыжыным и тхьэмахуэм щІедзэ. ООН-м и жэрдэмкІэ кьрахьэжьа Іуэхущ.

◆ Аргентинэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1810 гъэм къэрал щхьэхуит хъущ.

◆ Индонезиэм Пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1946 гъэм къэрал щхьэхуит хъущ.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 33-м, кьуэхьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 33-м.**

◆ **Махуэм сыхьэт 15 и кІыхьагъщ.**

Планэзэрэ зэгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зариф.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр зэхалъхьэркъым, гъащІэм къыхокІ.

КъБР-м и лІыкІуэхэм Кьалмыкъ Юрэ и фэеплъыр ягъэлъапІэ

● Дыгъуасэ

Кьэбэрдей-Балькъэрым и лЫкІуэхэр хатащ урысей политик щІэрыІуэ, юрист, еджагъэшхуэ, УФ-м юстицмкІэ и министру щыта Кьалмыкъ Юра кьызэралъхура илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуауэ нахьыгъэм и 22-м Къэрашей-Щэрджэсым щрагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм.

А ПЩЭРЫЛЪЫР ягъэзэщІащ КъБР-м и Конституцэ Судым и Іэтащхьэ Геляков Абдулэхь, республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал ухуэкІэмкІэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу Кьумыкъу Борис сымэ. Москварэ Ипщэ Федерал округым и щІыналъэхэмрэ я лІыкІуэхэу Черкесскэ хэкуэгъуэхэм ящІыгъуу, абыхэм Кьалмыкъ Юрэ и фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхащ, ар кьыщалъхуа, щыщІалъхьэжа Абазакт кьуажэм щыІащ, абы дэт курыт еджапІэм я хэкуэгъу цІыху гъуэзэджэм теухуауэ щызэхуахьэсыжахэм еплъащ. Черкесскэ кьалэм жылагъуэм я гуфІэгъуэ пэкІу щызэхэтащ, Кьалмыкъ Юра ифІэфІу щыта уэрэдхэм ящкъ итКІэ зэхалъхьа концертыр ятащ, абы теухуауэ щІыпІэ телекомпаниемтриха фильмыр ягъэлъэгъуащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Нобэ

ЛъагапІэщІэхэр фи плъапІэу

Хабзэ зэрыхъуащи, къэралым и курыт еджапІэ псоми нобэ кьыщІоуэ иужьрей уэзджьынэр. Школакіуэ ныбжьым ит дэтхэнэм и деж1ри мы-хьэнэ ин нІэщ а Іуэхугъуэм: хэти школым япэ илъэсыр щрихьэкІауэ кьыкІэпльыкІуэм хуопІащІэ, хэти зы нэкІэ Іэбауэ гъэмахуэм тохьэ. Псом хуэдэжкьым иужьрей уэзджьынэр курыт школыр кьэзыхъ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ. Ар нобэ къахуоуэ республикэм и ныбжьыщІэ 8070-м. Абы-хэм я дежкІэ иужьрей уэзджьынэм и зу макъ жьгъырур сабийгъуэмрэ балигъ гъащІэмрэ я гъунапкъэ зэпыльыпІэщ.

ДЭНЭКІИ хуэдэу, махуэшхуэр щагъэльапІэ ди республикэм и курыт школхэм. НыбжьыщІэхэм ящыщ дэтхэнэри хущІокъу къэрал экзаменхэр ехьулІэныгъэкІэ итыну, хуопабгъэ и хьуэпсапІэхэм льэІэсыну, гугъапІэщІэхэр зригъэхъулІэну. НыбжьыщІэхэм я гъусэу махуэшхуэр яІэт абы-хэм я егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм. Ахэр псори щызэхуос ягъэщІэрэщІа, макъамэ дахэхэр кьыщІыу щкол пщІантІэ хуитхэм. 11-нэ классыр кьэзыуухэм нобэрей махуэр гукьинэжк ящыхьэн папщІэ, школакІуэ нэхъыщІэхэмэ ильэс1 кьаГъэнакьым. Абыхэм школ щыхьэпІэхэр, гуфІэгъуэ зэІущІэр щекІуэкІ утхэр удз гъэгъахэмрэ шар зэмыфэгъуэхэмкІэ ягъэдэхащ, концерт цІыкІуэхэр, теплъэгъуэ кІэщІхэр ягъэхьэзыращ.

А псоми фІыщІэ ящу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я гум щызу утыкуэхэм кьохьэ щколыр кьэзыухэр, я класс унафэщІхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм кьахощ я зыхуэпэкІэкІи, я плІэм зэпэрыуу едэзэкІа дарий лентІэ щхьэукІэплъыкІэхэмкІи, я нэгум кьищ нэжэгужагъэмкІи. А ныбжьыщІэхэрщі гуфІэгъуэм зыкьэрезыгъэльэпІа псоми - егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми, щколакІуэ цІыкІуэхэми, хьэщІэ льапІэхэми - нобэкІэ я плъапІэр.

ГуфІэгъуэ зэхуэсхэм хэтщ КъБР-м и Правительствэмрэ я гум щызу утыкуэхэм я льабжьэ.

кьалэ, кьуажэ унафэщІхэр, егъэджакІуэхэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я лъэжьакІуэхэр, жьлэхэм дэт кьулыкъущапІэхэм я Іэщагъэлйхэр. Иужьрей уэзджьынэм балигъ гъащІэм хишэ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза хьэуэху дахэхэр абыхэм щагъэІунущ нобэрей гуфІэгъуэ зэхьэхэхэм.

Иужьрей уэзджьынэр угъурлы фхуэхьуну, ныбжьыщІэхэ! ГъащІэм фи увыпІэ щыригъэтыну, гупсысэ Іущхэр зи льабжьэ Іуэху екІу куэд зэфІэфхыну, насыпрэ екъулІэныгъэрэ фиІэну! Гъэзу махуэ, лъагапІэщІэхэр зи плъапІэ, къэралым и кьэкІуэнур зэльэта зи щалэгъуэ!

КЪАРДЭН Маритэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ «Спартак-Налшыкым»

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм и 100-у щрикъум зэІущІэм «Спартак-Налшык» - «Крылья Советов» *(Самарэ)* Налшык, «Спартак» стадион.

Накьыгъэм и 24-м. Сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 30-м.

Урысеймрэ и Сабий фондымрэ и щIыналъэ къудамэ КъБР-м къыщызэIуах

● ЗэIущIэхэр

Лиханов Альберт и псалъэ.

Налшык дэт «Синдика» хъэщIэщым накъыгъэм и 19-м щекIуокIаш Урысейм иСабий фондым и щIыналъэ къудамэ КъБР-м къыщырыщызэIуахым теухуа зэIущIэ. Абы кырихьэIаш КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Урысейм и Сабий фондым и унафэщI Лиханов Альберт, республикэм и Правительствэм хэтхэр, къалэ, район администрацIэхэм я унафэщIхэр, егъэджэныгъэ, социальнэ зыужьыныгъэ зыужьынымрэ, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэжьр. хьэрыуэтыщIэхэр.

КЪАНОКЪУЭ Арсен зэIущIэр къыщыгъэIуихым къыхигъэщащ, Урысей сабий фондым и къудамэ республикэм къыщызэIуахьи нэхъыфIу зыхуэзгъэхьэзырым теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iэхэуэ зэрагъэ, ауэ щхьэусыгъуэ зэ хуэмыдэхэм къыхэкIыу ар къаззремыхъулIар. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым фIыщIэ псалъэхэр хужиIащ мы зэман хьэпэм унатIуэ хуэмышIэхэмрэ бынунагъэшIухуэхэмрэ зэрыхъукIэ дэIэпыкъуа КъБР-м и Сабий фондым.

- А унэтIыныпхэм екъулIэныгъэ хэр щыдиIэныжмкIэ иджыри зэманым мурад инхэмрэ кьалэныщIэ хэмрэ кьытхуегъэуэ икIи аэр щызэдгъэхъулIэфынур Урысейм и Сабий фондым дыпыщIауэ лэжьыгъэр зэтедублэмэц, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Абы ипкъ иткIэ, а Iуэ хущIапIэм и унафэщым зыхуэдгъэзащ икIи хэгъуэгу къудамэ ди республикэм къыщызэIуахьнэ хэкIыпIэфIу къыхэзрытлтытэр къыдиныгъащ. Щэч кьытесхьэрэкъым, республикэм и унафэщIхэмрэ хьэрычъэщIэ зэгухьэныгъэ хэмрэ я къарумрэ Урысейм и Сабий фондым и зэфIэкIхэмрэ зы Iуэхум хуэдгъэпсэ, зи Iуэр дгъэкыгъэ зыкъызэрытхуэIэтынур.

Адэкlэ КъБР-м и Президентыр тепсэлъыхьащ анэмрэ сабиигъэмрэ хъумэным тегухуауэ республикэм щыIэныгъэ хэмрэ щIыналъэ зэрыщIэхъуэпсым, зи Iуэр хуэдгъэпсым, зи щIыналъэ зыужьынымрэ зыкъызэрытхуэIэтынур.

Адэкlэ КъБР-м и Президентыр тепсэлъыхьащ анэмрэ сабиигъэмрэ хъумэным теухуауэ республикэм щыIэныгъэ хэмрэ я къарумрэ Урысейм и Сабий фондым и зэфIэкIхэмрэ зы Iуэхум хуэдгъэпсым, зи Iуэр хуэдгъэпсым. - Абы ипкъ иткIэ, а Iуэ хущIапIэм и унафэщым зыхуэдгъэзащ икIи лей зезыхьахэм тезыр ткIийхэр трагъэхьащ. АтIэ, Урысейм щыттыгъуэр сыт: сабий 314-м щIэпхъаджагъэ кIэлъызезыхьахэм ящыщу зы цIыхуэ уголовнэ жэрагъым ирашэIакъым. 1991 гъэм Урысейм сабийуэ мелуан 40-м щIигъу исащ, иджыпсту мелуан 27-рэ хъуэу аращ. Ар сабиигъуэм иращIыIа зауэ щынагъуэм ещхьщ. Сабий зеиншэу иджыпсту диIэр Хэку зауэщхуэм и зэманым щыIам нэхърэ нэхъыбэщ, мин 800-м нэблагъэ интернатхэм щопсэу.

Дызыгъэгузавэ хэм ящыщщ сабийхэмя1зыкIащагъэр. Абыхэм яхэтщ зыкъэ зыбжанэ зыпкърытхэр.

Къэрал унафэхэм теухуауэ езым я Iуэху епIыкIэ зэрагъэIэжри къыхихыгъэщащ Лиханов Альберт. Апхуэдэу Сабий фондыр Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкIэ арэзыкъым.

- БлэкIа илъэсым Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятащ ныбжьыщIэ зы мелуанрэ 97.690-м, - жиIащ Лихановым. - Абы щыщу процент 25,3-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ, процент 23,5-м математикэмкIэ экзаменхэр яхуэтакъым. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкIэ сабийхэм нэхъыбэу кьахьыр «5»-щ, адэкIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм и пэжьакIуэхэм «зэрыхуейуэ» абыхэм балъ бжыгъэхэр хущIагъэр. Дэнэ атIэ захуагъэр здэщыIэр?!

Адэкlэ Лихановым къыхигъэщащ Урысейм и Сабий фондым и федеральнэ программэ 30-м нэблагъэ зэрыгъэжиIыхьар, абыхэм ящыщ зыбжанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыбгъэсбэп зэрыхъунур.

КъБР-м дэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьащ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным и лъэныкъуэкIэ зэкъагъэуза республикэ программэр зыхуэдэм, сабинхэм я хуитыныгъэр хьэрэным, анэм и пщIэр кьэлэтыным теухуауэ зэфIагъэкI Iуэхугъуэхэм.

- Нужьрей илъэситIым сабий зеиншэр ззэышаIэ унагъуэхэм я 6 жыгъэр зэхъыбэ хуащ, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий.** - Унагъуэ 24-м сабий 39-рэ щаII.

Апхуэдэу министрым и гупсыр ищIащ республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм щекIуэкI зыужьыныгъэхэм, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зэрехьулIэм.

КъБР-м уэзыншагъэр хъумэныжмкIэ и министр **Бицу Бадим** и къэпсэлъэныгъэр тригъэхьащ абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр. Министрым жиIащ языныкъуэ районхэм сабий поликлиникэхэр кьыззэрыщыщIэуахэр, уэзыншагъэм щыкIэтыплIь Iуэхущапl э куэд зэрызэрагъэпэщыжьыр, мыгувэу абыхэм щIэ къаззэрыхъэхуэнур.

ЗэIущIэм щыхахащ Урысейм и Сабий фондым и щIыналъэ къудамэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Нуан ФатIимэ**. Сабий фондым мыпкъыкIэ кьыдэIэпыкъуну зэгъэзэжьыгъэм и унафэщIым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЩIхьэщэмыщI Иэз.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



«Гъащ1эм и жыгым» деж цыхуэр щопэкIу.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

А зы Iэпапlэр нэсу схуэджамэ...

Къыззохуэсахэр Iэгуауэ инкIэ IущIащ Кавказ зауэм и зэранкIэ адыгэ лъэпкъым и щхьэм кьрикIуэр ягъэззэкIуэжьным теухуа Программэ щхьэхуэ ягъэхьэзыру кьащтэн папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым, ФедерацэмкIэ Советым, Правительствэм лъэIуэкI захуигъэзэну Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэримурадым.

- Абы дэ дыхуейщ ди хэкуэгъу къэкIуэжьынухэм я Iуэхугъэр щызэхэфIэтхIэ, къэрал кьулыкъущIапIэхэмрэ дунейпсо организацэ щхьэхуэхэмрэ дадэлэжьэн щхьэкIэ, - кьыхигъэщащ Дзэмыхьым. - Нэхьыбжьэ дыдэхэм ящыщу я адэжь хэкум къэзыгъэзэжьыну хуейхэм Урысей Федерацэм и щIыхьэр щызэхэфIэтхIэ, къэрал кьулыкъущIапIэхэмрэ дунейпсо организацэ щхьэхуэхэмрэ дадэлэжьэн щхьэкIэ, - кьыхигъэщащ Дзэмыхьым. - Нэхьыбжьэ дыдэхэм ящыщу я адэжь хэкум къэзыгъэзэжьыну хуейхэм Урысей Федерацэм и щIыхьэм и тхьылыр кьыззэрырат хабзэр кьэгъэщIэбэнщ.

КьищынэмыщIауэ, дызыгъэпсэйтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ пащтыхьым и зэманым кьаззуа щIыналъэхэм теухуа дауэдапщэхэр Ипщэ федеральнэ округым щIэх-щIэхьыурэ щрагъэкIуэкI зэрыхьуар, абыхэм генерал-къэзуакIуэхэм я щIэхэр яхуэмыфащэу зэрыщIэтыр. Абы политикэ щытыкIэр зэщIегъаплъэ, ирагъэщIа льандэрэ а щIыпIэм щыпсэуахэр егъэзгъбжь.

Щыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ КъБР-м щIэ **Зумакулов Борис** и къэпсэлъэныгъэр зытриуахыр, сыт хуэдиз Iуэху ящIу щIэдамэ, ирагъэкIуэ щIэдамэ, а Iуэхугъэр зэрыгъэзэжьыр. Абы щыпсэуахэр егъэзгъбжь.

- Ильэс кьэс накьыгъэм и 21-м дз, адыгэхэр, балькъэрхэр, урыскэр, нэгуэщI лъэпкъхэм щыщхэр, дыззхуос Кавказ зауэм зэкIуэдахэм я фэеплым ку эфэщэн пщIэ хуэтI щыщ папщIэ, - жиIащ абы. - А зауэм лъэпкъ куэдым лей кьащтехьащ, ауэ псом нэхъ-рэ цIыху, щыщ нэхъыбэ зэрыгкIуэдар, гъунэнщ хьэзаб зыщэчар кьэбэрдей адыгэхэрэ. Ауэ абы ди къуэшхэр ирищIыкIащым. Адыгэхэр кьеIащ, абыхэм зэхъуэмэфащ, иджы псынщIэу зауэм, я бэзр, зэхэтыкIэ дахэр, хабзэр, нэмысыр яIыгъыжу. Нобэ Кьэбэрдей-Балькъэрым и лъэныкъо псори зэуIу дытелъжьэн хуейщ зэгурыIуэныгъэ, мамырыгъэ, берычэт ди зэхуэдэ унагъуэм илъыным, блэкIа дыджым кьытримыгъэзэным.

«Спартак-Налшыкым» кьыбгъэдэIуу

Адэжь хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм кьабгъэдэкIыу пэкIум кьыщыпсэльащ «Пэрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **IутIыж Мэжид.**

- Накьыгъэм и 21-м теухуауэ дэтхэнэ зы адыгэми ди гупсыскIэр зыщ, - кьригъэжьащ абы. - БлэкIар блэкIащ, ар зэи тшыгъупщэ хъунукъым. Ауэ зауэр зэриухрэ ильэси 145-рэ хьуащ. Иджы ди гуауэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ, Iуэху тщIэн хуейщ. Ильэс кьэс кьалэнхэр зыхуэдгъэувыжурэ, ар кьыззрыдэхьулIамкIэ дызэупщIжыпхъщ. Девгъэлэжь ди лъэпкъгъуэхэр кьешэлIэжьным, икIи аэр нэхъыбэу кьыщекIуэлIэжа маХуэр рофIэгъуэ маХуэу дыжгъэтъуэ - куэдщ дызэрыщыгъуар. Мы пэкIум кьрихьэлIа ди нэхъыжьыфIхэм сыныволъэу, фи кьарурэ зэрфIэкIэ хэфлъхьи, хэхэсу хамэ кьэралыщ щыпсэуэхэм кьаззэхэжьныр тынщ евгъэщI.

«Ве-че» урыс щэнхабзэ зэуэхьэныгъэм и унафэщI **Каннуников Анатолий** жиIащ сыт хуэдиз бэлыхь ятелъами, дапльхуэдизу зэхэзехуэн ящIами, зи хэку кьинэу ар щIэлтэм яхуэзыхъума адыгэхэм пщIэ лей зэрахуищIыр. «Адыжь щынаIуэ зэращIыр», - дыщIигъужащ абы.

- Дунеижьыр зэриухуэрэ зауэ мин 16-м щигъу щыIащ, - кьыщIидзащ и къэпсэлъэныгъэр Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд.** - Аэр зэхуэмыдэ. Ауэ адыгэм кьыдаIущIылIа зауэм хуэдэу кIыхьэр гъэзэвгъуэрэ щыщыIауэ тхыдэм ищIэжькъым, инджылызхэмрэ бурхэм щызэзэуам фIэкIа. Ильэси 101-кIэ хьэзабым дыхагъэтащ, Кьэбэрдейхэр мин 350-рэ, шапсыбъхэри апхуэдизу, адрей адыгэ лъэпкъхэри мынэхъ мащIэу зауэм щидзат . Шэшэнхэри, дагъыстанхэри, балькъэрхэри, кьэрэшейхэри, Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэри зауэм хэтащ, ауэ адыгэм хуэдэу и кIэм нэсу бэнэныгъэр езыгъэкIуэкIа кьэхэкIакъым. 1820 гъэхэм я кIуэхэм кьэбэрдейхэм Iшэр ягъэтIылъын хуей хьуащ мин 30 фIэкIа зэрымыхъужьым кьыхэкIыу. 1804 гъэм емынэ уэзым лъэпкъыр ихьащ, 1911 гъэм Хьумбылей псым и Iуфэм адыгэпщэмрэ уэрыкъэмрэ я нэхъыфIэр щызэтрагъкIащ. Апхуэдизу бэлыхьым дыкъелауэ, кьэбэрдейхэм ди бжыгъэри мелуан пищIыкIуэм, адыгэгу пкIуэцIыIьмэ, уи хэкумкIэ уи псэр кьеIэн хуейщ.

Апхуэдэхэм папщIэ гъэгур нэхъ кьыззэIуахыну иджыри зэ ди республикэм, къэралым я унафэщIхэм захуэзогъазэ. Я хэкуэгъуэхэр кьеIэлIэжьыныкIэ щапхъэщ Тырку, Израильыр, нэмэуэцIэри. Дэри апхуэдэ Iэмал диIэн хуейщи, Тхьэм кьыдигъэ хуIлIэ.

Кавказ зауэжьым хэуэхуэда адыгэхэм я псэр тыншыжыну, я ахьрэтыр нэху хьуну, увыIэпIэ дахэ ягъуэтыну, льэпкъыми апхуэдэ нэщIэбжьэ афIэкIа зэи имыльагъуну кьызэхуэхуэсахэр, Кьэбэрдей-Балькъэрым и дин Iуэхущапlэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** я пашэу Тхьэ елъэIуащ.

Сыхьэтыр 12-м псори зэщIэщымащ. Адыгэу дунейм тетыр зы дакьинхьэкIэ щыму щытащ, ди блэкIа хьэлъэм, нобэрей гугъуехьэм, адэкIэ кьытпэщылъыр зэрызэIуымыбзым псори зэгурыIуэу иджыри зэ дригъэгупсысыжу.

Абы и ужькIэ гъуэм и бжьамифр аргуэру щэ игъэджащ, пэкIур зэрызэхущыжьымкIэ кьызэхуэсахэм зыщагъэгъуэзэну. Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и вице-президент Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист Хьэфыщ1э Мухьэмэд илъэс куэд щIыуэ зэхуэхьэс дафтэрхэр ельахэм гъэщIэгъэн ящы-хьуащ. Адыгэм и ЛъабжьэщIэ зэрыбыдэр, ар зызыужь льэпкъыу зэрыщытыр я гъэлъэгъуэныгъэ гъуэзэджэм иджыри зэ хьэжь пщещI.

Шэджагъуэ нэужьым Налшык и мусульманымкIэ щыгъуэ махуэм екъэлIа нэгъуэщI зы Iуэгъуэщхуэ щекIуэкIащ. Цыхьэ куэд кьырихьэIауэ абы щагъэуващ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэепль сын.

ЖЫЛАСЭ Заур.



Налшык и мусульманымкIэ щыгъуэ махуэм екъэлIа нэгъуэщI зы Iуэгъуэщхуэ щекIуэкIащ. Цыхьэ куэд кьырихьэIауэ абы щагъэуващ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэепль сын. *Сурэтхэр* **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накъыгъэм и 7-м *№247-1-рп*

«Гриппым зиубгъуныжмкIэ щыIэ щынагъуэ пэщIэтыныр нэхъыфIу зыхуэзгъэхьэзырым теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iэхуэкъ» Урысей Федерацэм и Къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенко Г.Г. 2009 гъэм мэлылъхьым и 26-м кьыдигъэкIа унафэ №01/5581-9-23-м ипкъ иткIэ икIи А (H1N1) грипп лIэужьыгъуэ щынагъуэм результатхэр зэрыгъэлъагъуэ, щыхъумэн мурадкIэ:

1. А (H1N1) грипп лIэужьыгъуэр Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэмыгъэсыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэзыгъэуIуну республикэ комиссэм хэтхэр мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу къэщтэн.

2. А (H1N1) грипп лIэужьыгъуэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщимыубгъуныжмкIэ лэжьыпхъэхэр убзыхун.

3. «Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкIэ и управленэ» республикэ къэрал Iуэхущапl эм хуэгъэувын кхъуэхэр, кхъуэлыр, абы къыхэщыкIа шкынигъуэр ветеринар документхэр ящIымыгъуэу республикэм щыщIрашэ я щрашэ къэмыгъэхьэужьнымкIэ Iэхуэхэр ирагъэкIуэкI къэрал санитар-эпидемиологие кIэлъыплIымыгъэр ягъэтIкIуину.

4. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм и пщэ илъхьэн, ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжмрэ цIыхум зэIуэзэнщ псэукIэ иIэныжмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплIыныжмкIэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджащ етын А (H1N1) грипп лIэужьыгъуэм зимыубгъуныжмкIэ, ар зэуэлIа-хэр гъэхъужьыныжмкIэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну.

5. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацIхэм чэнджащ етын А (H1N1) грипп лIэужьыгъуэм земыгъэубгъуныжмкIэ район, къалэ комиссэхэр къыззрагъэпэщ ыну;

гриппым земыгъэубгъуныжмкIэ лэжьыпхъэхэр яубзыхуну икIи профилактикэ егъэкIуэкIыным, узыфэм земыгъэубгъуным, гриппым зэрыпэщIэт хущхъуэгъуэ нэхъыщхьэхэр гъэтIылъынъэ щIыным трагъэкIуэдэн папщIэ ахъшэ зэрыхуэхьапхъэ абыхэм ящыщагъэльэгъуну;

гриппыр щIыхуэхэм ящыщ ящIу щIэдамэ, ар зэи тшыгъупщэ хъунукъым. Ауэ зауэр зэриухрэ ильэси 145-рэ хьуащ. Иджы ди гуауэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ, Iуэху тщIэн хуейщ. Ильэс кьэс кьалэнхэр зыхуэдгъэувыжурэ, ар кьыззрыдэхьулIамкIэ дызэупщIжыпхъщ. Девгъэлэжь ди лъэпкъгъуэхэр кьешэлIэжьным, икIи аэр нэхъыбэу кьыщекIуэлIэжа маХуэр рофIэгъуэ маХуэу дыжгъэтъуэ - куэдщ дызэрыщыгъуар. Мы пэкIум кьрихьэлIа ди нэхъыжьыфIхэм сыныволъэу, фи кьарурэ зэрфIэкIэ хэфлъхьи, хэхэсу хамэ кьэралыщ щыпсэуэхэм кьаззэхэжьныр тынщ евгъэщI.

«Ве-че» урыс щэнхабзэ зэуэхьэныгъэм и унафэщI **Каннуников Анатолий** жиIащ сыт хуэдиз бэлыхь ятелъами, дапльхуэдизу зэхэзехуэн ящIами, зи хэку кьинэу ар щIэлтэм яхуэзыхъума адыгэхэм пщIэ лей зэрахуищIыр. «Адыжь щынаIуэ зэращIыр», - дыщIигъужащ абы.

- Дунеижьыр зэриухуэрэ зауэ мин 16-м щигъу щыIащ, - кьыщIидзащ и къэпсэлъэныгъэр Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд.** - Аэр зэхуэмыдэ. Ауэ адыгэм кьыдаIущIылIа зауэм хуэдэу кIыхьэр гъэзэвгъуэрэ щыщыIауэ тхыдэм ищIэжькъым, инджылызхэмрэ бурхэм щызэзэуам фIэкIа. Ильэси 101-кIэ хьэзабым дыхагъэтащ, Кьэбэрдейхэр мин 350-рэ, шапсыбъхэри апхуэдизу, адрей адыгэ лъэпкъхэри мынэхъ мащIэу зауэм щидзат . Шэшэнхэри, дагъыстанхэри, балькъэрхэри, кьэрэшейхэри, Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэри зауэм хэтащ, ауэ адыгэм хуэдэу и кIэм нэсу бэнэныгъэр езыгъэкIуэкIа кьэхэкIакъым. 1820 гъэхэм я кIуэхэм кьэбэрдейхэм Iшэр ягъэтIылъын хуей хьуащ мин 30 фIэкIа зэрымыхъужьым кьыхэкIыу. 1804 гъэм емынэ уэзым лъэпкъыр ихьащ, 1911 гъэм Хьумбылей псым и Iуфэм адыгэпщэмрэ уэрыкъэмрэ я нэхъыфIэр щызэтрагъкIащ. Апхуэдизу бэлыхьым дыкъелауэ, кьэбэрдейхэм ди бжыгъэри мелуан пищIыкIуэм, адыгэгу пкIуэцIыIьмэ, уи хэкумкIэ уи псэр кьеIэн хуейщ.

Апхуэдэхэм папщIэ гъэгур нэхъ кьыззэIуахыну иджыри зэ ди республикэм, къэралым я унафэщIхэм захуэзогъазэ. Я хэкуэгъуэхэр кьеIэлIэжьныкIэ щапхъэщ Тырку, Израильыр, нэмэуэцIэри. Дэри апхуэдэ Iэмал диIэн хуейщи, Тхьэм кьыдигъэ хуIлIэ.

Кавказ зауэжьым хэуэхуэда адыгэхэм я псэр тыншыжыну, я ахьрэтыр нэху хьуну, увыIэпIэ дахэ ягъуэтыну, льэпкъыми апхуэдэ нэщIэбжьэ афIэкIа зэи имыльагъуну кьызэхуэхуэсахэр, Кьэбэрдей-Балькъэрым и дин Iуэхущапlэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** я пашэу Тхьэ елъэIуащ.

Сыхьэтыр 12-м псори зэщIэщымащ. Адыгэу дунейм тетыр зы дакьинхьэкIэ щыму щытащ, ди блэкIа хьэлъэм, нобэрей гугъуехьэм, адэкIэ кьытпэщылъыр зэрызэIуымыбзым псори зэгурыIуэу иджыри зэ дригъэгупсысыжу.

Абы и ужькIэ гъуэм и бжьамифр аргуэру щэ игъэджащ, пэкIур зэрызэхущыжьымкIэ кьызэхуэсахэм зыщагъэгъуэзэну. Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и вице-президент Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист Хьэфыщ1э Мухьэмэд илъэс куэд щIыуэ зэхуэхьэс дафтэрхэр ельахэм гъэщIэгъэн ящы-хьуащ. Адыгэм и ЛъабжьэщIэ зэрыбыдэр, ар зызыужь льэпкъыу зэрыщытыр я гъэлъэгъуэныгъэ гъуэзэджэм иджыри зэ хьэжь пщещI.

Шэджагъуэ нэужьым Налшык и мусульманымкIэ щыгъуэ махуэм екъэлIа нэгъуэщI зы Iуэгъуэщхуэ щекIуэкIащ. Цыхьэ куэд кьырихьэIауэ абы щагъэуващ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэепль сын.

ЖЫЛАСЭ Заур.

«Гъащ1эм и жыгым» деж цыхуэр щопэкIу.

УФ-м и Къэрал Советым и зэIущIэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым и пресс-Iуэхущапlэм къыззрагъэкIэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и къулыкIэлъыкIуэ зэIущIэр УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Мыкъуэпэ щрихьэлIэжьыщ. Абы теухуауэ щIыналъэм и Унафэщ Тхьэкlуанэ Аслъэнджерий щдысIыгъэ Урысей Федерацэм и Лыщхьэм IущIащ.***

- УРЫСЕЙФедерацэм и Къэрал Советым и зэIущIэр Медведевыр Мейкъуапэ щекIуэкIыну 2009 гъэм и фокIа- дэм.

ЗэгурыIуэныгъэхэр

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Бгъэлэщ Сергей щIыпIэ журналистхэм щдысIыгъэ Iуэхущапlэм «НК «Роснефть» ОАО-мрэ Абхъазымрэ зэрызэдлэжьэнымкIэ зэращIыпlа зэгурыIуэныгъэм теухуауэ.***

ПРЕЗИДЕНТЫМКъыззэрыхигъэщащмкIэ, «Роснефтым» щIыналъэм газ къыщилъыхъэнущ, ауэ щыдагъэ къыщIэщIыплъэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIынукъым. ЗэгурыIуэныгъэм Iэ традзэнущ накьыгъэм и 26-м. Апхуэдэуи республикэм и лIыщхьэм журналистхэм яжриащ Абхъазым и президент хэхьныгъэхэм хэтын мурад зэриIэр.

Гульытэ хуещI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм щдысIыгъэ Осетие Ингушым мэз 50-рэшхуэ 5-рэ иритащ.***

ОСЕТИЕИпщэм мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министр Козаев Жамболэт зэрыжиIамкIэ, мэлхэмрэ щыхэмрэ республикэм кьыIэрыхьащ, ауэ зэкIэ ахэр хозяйствэхэм трагъэшакьым. Абы кьыгъэрилыгъмкIэ, ахэр фермер хозяйствэхэм ирагъэ-нэхъ тэмэмщ, курыкIэр кьащытеуам лей нэхъ кьатехьащи

КъурIэн еджэнымкIэ зэпеуэ

Накьыгъэм и 31-м республикэм и Усть-Жэгуэтэ районым КъурIэн еджэнымкIэ зэхъэзэхуэ щекIуэкIынущ. Абы хэтынущи КъШР-мрэ Ставрополь краймрэ я лIыкIуэхэр.

ЗэхьэзэхуэР кьыззэрыгъэща имам Салпагаров Чэмал зэрыжиIамкIэ, гукъыдэж зиIэ дэтхэнэ зыри а зэIущIэм хэт хъунущ. Аэр зэпеуэнущ гъэхуауэ КъурIэн еджэнымкIэ. Зэхьэзэхуэм ирагъэблэгъащ республикэм и район кьэс къыбгъэдэкIыу щыIухиплI, Ставрополь крайм - 10.

- КъурIэн еджэнуэм я ныбжьыр илъэс 18-м щIигъуауэ щытын хуейщ, сабийхэмрэ щIыхубзхэмрэ хагъэхьэнукъым. Абыхэм щхьэкIэ нэгъуэщI зэпеуэ нужькIэ едгъэкIуэкIынщ, зы махуэкIэ псоми уедгIуэну пхуэзфIэжкIынукъыми. Республикэм ящу мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ щыIэхащIу аращ. КъурIэн еджэнымкIэ текIуэхэр ахъшэ саугъэтхэмкIэ, дипломхэмкIэ ягъэпажэнущ, - жиIащ Салпагаров Чэмал.

ХЬэЩЦЫКЪУЕЙ Олег.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къоблагъэ

● Зэ1ущІэхэр

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьагъэпсо Сэфарбий бэрэжьей кІуам зэІущІэ ядригъакІуэкІащ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыгъэнухъэм я щІэныгъэр къэзыщытэну комиссэм хэтхэм. Абдежым щызэхагъэкІащ КъБР-р ЕГЭ-м зэрыхуэхъеІэзырыр.

МИНИСТРЫР тепсэлъыхьащ мы гъэм экзаменхэр зэрекІуэкІыну щІыкІэм. Щхьагъэпсом къыхигъэщащ ЕГЭ-р сыткІи къызэрэпэщыдзэ республикэм щекІуэкІын папщІэ, федеральнэ дэфтэрхэм нэмыщІ, министерствэм унафэ щхьэхуэхэр къызэрыдигъэкІар. Апхуэдэуи экзаменхэр щекІуэкІыну школ 56-р къыхахащ, ар къызэзыгъэпэщыну гупхэм хэтыныхэр ягъэбелджылащ.

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт школыр къыщаух ныбжьыщІэ 8070-м. Абыхэм зэпэрэ математикэмкІэ экзаменхэр ятынущ, адрей предмет 11-м зыхуейр къыхихыну аращ. УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ хабзэм ебэкъуэхэр щаІыгъ щІыпІэм щыІэхэмрэ ятынур экзамен къызэрыгуэкІщ.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм накъытгъэм и 26-м щІедзэ, а махуэм ятынухэр щекІуэкІынур Налшыкщ.

ЗэІущІэм и кІэухым рабин администрацэхэм егъэджэныгъэмкІэ я къудамэхэм я унафэщІхэм ЕГЭ-м зэрыхуэхъеІэзырым къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэпщытакіуэ гупыр набдзэгубдзапльэу зэпеуэм кІэльопльэ.

Налшык дэт курыт школ №32-м накъыгъэм и 20-м наІуэ щызыхуащ 2009 гъэм республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІыр.

Республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІыр - Урысей утыкум

МАХУЭ зыбжанэкІэ екІуэкІа зэхьеэзэхуэм мы зэІущІэр и етІуанэ икІи иужьрей ныхьэт. Абы щызэпеуащ япэ Іыхьэм нэхъыфІы къыщалъытащ щыхуи 6-р. ЕгъэджакІуэхэм я зэфІэкІыр къащІыгъ Карныш Сергей, Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщІ Емуэ Нинэ, КъБКъУ-м и педколледжым и унафэщІ Байчакуевэ Нинэ, ильэс блэкІахэм республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ хъуахэм ящыщхэм.

ЕгъэджакІуэхэу **Машекинэ Ольгэ** (Май къалэм дэт гимназие №1), **Текеевэ Афужан** (Дзэлыкъуэ куейм и Чышбалькъуажэм дэт курыт еджапІэ), **Дыщэкі Рае** (Бахьсэн куейм и ХьэтІохьущыкъуей къуажэм дэт курыт еджапІэ №3), **Цацаниди Еленэ** (Прохладнэ къалэм дэт гимназие №6), **Джэмэшыкь Людмилэ** (Тэрч къалэм дэт лицей №1), **Кьуэщысокьуэ Маринэ** (Шэджэм къалэм дэт курыт еджапІэ №1) сымэ зэхьэзэхуащ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ зыбжанэмкІэ.

Къэпщытакіуэхэр кІэлъыплъащ егъэджакІуэм Іуэху къыинхэр зэрыдзэфІихьыфым, балигъхэми сабийхэми зэрадэлажьэфым, ахэр и жьІэм кьуэзэрытришэф Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми.

СыхьэтитІым щІигъкІэ екІуэкІащ зэпеуэр. Ар иуха нэужь, къэпщытакІуэхэр зэчэнджэщыжри, «КъБР-м и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2009» цІэр зыфІэпщ хуэнур кьыхахащ. Ар хуагъэфэщащ Май къалэм дэт гимназие №1-м биологиемкІэ щезыгъаджэ Машекинэ Ольгэ. Ар хэтынущ Москва щекІуэкІыну «УФ-м и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2009» урысейпсо зэпеуэм. ЕтІуанэ увыпІэр кьихьащ Кьуэщысокьуэ Маринэ, ещанэр - ДыщэкІ Рае. Абыхэми зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хэтэхэми иратащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и щІыхь тхыльхэмрэ саугъэтэхэмрэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Машекинэ Ольгэ «Адэ-анэхэм я зэІущІэ» тепльэгъуэм хэтщ.

● Джэрпэджэж

Гум къишхыдыкІащ

Куэд щІакъым «Адыгэ псалъэ» газетым Хьэх Сэфарбий и тхыгъэ «ЩхьэрыгъІынщ-кІэрыгъІынщ ящІащ» жьхуиІэр къызэрытехуэрэ. Абы гупсысэ нэхъыщхьэу кІуэцІрокІ ди анэдэлъхубзэм и къабзагъэм бжьыгъэу традзэм папщІэ тхакІуэм и гум щыщІэр.

ДИ АНЭДЭЛЪХУБЗЭР къабзэу тІурыльгъыныкІэ Хьэхъым кьыхилъхьа жэрдэмыр дэсІыгъыу, сэри сыхуейт си Іуэху епльыкІэр къэзгъэлъэгъуэну. Зи гугъу сщІыну Іуэхуіугъэхэм махуэ къэс бзэм дыщрохьэлІэ, ауэ абыхэм апхуэдизу десжащи, къарыкІ мыхьэнэ дыдэм демыгупсысу къыдогъэсбзэн. Псалъэм папщІэ, адыгэбзэм лъэ быдэкІэ хуэващ щыхуэхэр щызэхуэхьэкІэ зэжраІэ «Дауэ ущыт?» псальэхэр. Абы кьидэхкІыр а упщІэмкІэ зыгъэхуэдгъэхэм и Іуэху зыІут, и узыншагъэр эдгъэщІэну аращ. Арщхьэкіэ, а упщІэм и мыхьэнэм уегупсыкмэ, «Уэрэщыщ тыр сыт хуэдэу: ТышІу, гугъуу?» - жьхуиІэщ. УзыщІэупщІэр щымыту щысмэ е щыпльмэ-що? Абы щыгъуэм «Дауэ ущыс е ущыпІ?» жьпІэну? Мынэхьыфу пІэрэ «Дауэ ущытыр?» «Уи узыншагъэр (е уи Іуэхуэхэр) сыт хуэдэ?» упщІэкІэ зэхъуэкІыныр?

Апхуэдэуи гурыІуэгъуэкъым щымыІэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ «мы» префиксым и мыхьэнэ дыдэри. Ари нэхъыбэм деж зэхьэкІаущ кьыхэрыдгъэсбэнэр. Къэтхьынщ зы щапхъэ. Сталинград и деж кьыщаухъуреихьауэ щыта нэмыцэ дзэшхэм теухуауэ ятхыпрт: «Дэ-хэр гъэрыпІэм кьрашьыжьну бийхэр сыт хуэдизу хущІэмыкъуэмрэ, ар абыхэм яхуэзфІэкІакъым». Кьыхэзгъэща Іыхьэр зыхэт псалъэм и мыхьэнэр дубзыхумэ, нэмыцхэр хущІэмыкъуэуэ къоЖІ я гъусэхэр гъэрыпІэм кьрашьыжьну. УхущІэмыкъуэмэ, дауэ кьиппыжьын? Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ. «Сыт хуэдизу гугъуехь тем*мы*Іьами, анэм хуэзфІэкІащ и бынхэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хигъэувэн» е «Дапщэгъэ сынэкІуами, ущІэсу зэи узгъуэтакъым».

Сэ сызэригугъэмкІэ, псальэхэр щыбгъуэкІэ, къэбгъэсэбэн псалъэхэм я мыхьэнэм егупсысыпхьэщ. Бзэ нэхъ кьулейхэм ящыщ ди адыгэбзэм и куэдщ дэ зэребгъэфІэкІэн Іэмалхэрэ, абыхэм тепсэлъыхьыпхьэщ бзэм елэжь щІэныгъэлІхэр, егъэджакІуэхэр.

ГУМЭ БетІал,
егъэджакІуэ, лэжьыгъэм и ветеран.

● ФІыщІэ

ЕхъулІэныгъэ иІэну

Егъэджакіуэ, Щэбзэр зыгъасэ. Сыт хуэдиз купщІэ хэль а псалъэхэм. Абыхэм къызэщІаубыдэ пэжыгъэри захуагъэри, пщІэри нэмысри, щабагъэри хуабагъэри, пьагъуныгъэри гуапагъэри. Зи гугъу тщІы щІыхь хьэл-щэнхэр щызэхуэхуэнащ егъэджакІуэ Іэзэ Хъуреи Мадинэ и щытыкІэм. Ахэращ абы зыхуэунщІир ди жьыпэм кьыдэхъу щІэбэлэр.

МАДИНЭ иІъэс кущ хъуауэ щолажьэ Псыгэнэу дэт курыт школ №1-я. Абы иregъаджэ урысыбзэмрэ литературэмкІэ.

Дэтхэнэ зы егъэджакІуэми и лэжьыгъэм епха щхьэ гуэр иІэщ.

- Гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зэкъуэпІч хьунукьым, - жеІэ Ахьмэтым. - Сэ сытым дежи мыхьэнэщхэу изот сабийм и гъэсэныгъэм. Щыху мыгъасэр сыт хуэдэ лъапІэныгъэми ебэкъуэфынущ, абы щІэныгъэ бгъэдгъэми, и щхьэм фІэкІа, нэгъуэщІым сэбэныщхъуэ хуэхъуфынукъым.

Раисэ иригъаджэхэм яхуэткІийкъым. Абы фІы дыдэу кьыгуроІуэ шынагъэкІэ сабийм зыри зэрымыгъэщІэфынур. Аращи, и гъэсэнхэм дзыхь кьыхуащІу, яку пщІэ дэлъу, гушхуауэ щытын папщІэ, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкІэ кьыхуегъуэтыф, жьлагъэ лэжьыгъэхэм жьыджэру хешэ.

- Сабийхэм си гум яхуилъэІфІагъыр псалъэкІэ пхужьІэнукъым, езыхэми фІыуэ сыкъызэралъагъум шэч кьытехьэхэркъым, - жеІэ Раисэ. - Пэжщ, сабийхэр кьыпхуэгъэщІэнукъым, абыхэм уаэзрыхуащытыр фІы дыдэу зыхащІэу зэрыжаІэр сэ згъэунэхуащ.

Ахъмэтым и псальэхэм щыхьэт тохъуэ абы иригъэджакъуэ иджы и Іэщ Іагъэр кьыхэзыхыжа, КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым и 2-нэ курсым щІэсхэу Ахьмэт Рустамрэ Тхьэгъэпсо Миланэрэ Раисэ теухуауэ кьыджаІар:

- Гъэгугъэлъагъуэу диІэщ дэ Ахьмэт Раисэ. Ар ди егъэджакІуэм и мызакъуэу, анэм, ныбжьэгъуфІым хуэдэу кьытхэтащ, гъащІэм дыхуиущиящ. Ноби кьыткІэлъопль - иригъэджа дэтхэнэ зыми и Іуэху зытетым щыгъуазэу, и ехьулІэныгъэм щыгуфІыкІыу апхуэдэщ а щыху гъуэзэджэр.

Ахъмэтым и гъэсэнхэм кьаухкІащ республикэм, районым щыщІэрыІуэ щыхуэ пажэ куэд. Нобэ кьыдэлажьэхэм я нэхъыбэри иригъэджащ Раисэ.

- Лъабжьэ згъэтІылъар быдэу зэрыжар си гъэсэнхэм я деж щызэольагъужри, сроГуфІэ, сроГушхуэ, - жеІэ Ахьмэтым. - Кьару кьызэзытри дэжьыгъэм сытеуцуагъэ зыхуэри сабийр сэгъаджэхэм я ехьулІэныгъэрщ. Иджыпту зэманыр гугъущ, ауэ, дапхуэдэу щымытми, уелІалІэмэ, гурэ псэкІэ уабгъэдэтмэ, щІалэгъуалэр лъэпкъыр зэрыгушхуэн щІэблэу кьыпхуэгъэтэджынущ.

И гъэсэнхэм я зэфІэкІырщ егъэджакІуэм и лэжьыгъэ кьызэралъытэр. Абы иригъадкхэр щІэх-щІэхыуэр хэтщ районым, республикэ зэхъэзэхуэхэм икІи сытым дежи абыхэм бжьыпэр щаубыд.

- Гупым нэхъыжьыфІ кьыпхэтыныр зыхуэдэ щыІэкъым, - жеІэ школым и унафэщІ Джэтокъуэ Валерэ. - ЕгъэджакІуэ Іэщ Іагъэр уи лъым хэтын хуейуэ кьыщІэкІынщ, армыхьэмэ сэ сщІэркъым Ахьмэт Раисэ и Іэнатіэм хуиІэ лъагъэныгъэ мыужьыкыр кьызыхэкІыр. Раисэ еджакІуэхэм ярит щІэныгъэмрэ абыхэм гъэсэныгъэу яхилъхьэмрэ ди школым и щІэр кьэзыІэт лэжьыгъэщ. Еш зымыщІэ, ту мыпсэху зиІэ а щІыхь гуэзэджэр ди школым щыщ дэтхэнэ зыми и щапхъэщ.

Лэжьыгъэм и ветеран, категорие нэхъыщхьэ зиІэ егъэджакІуэм и гуащІэр гулъытэнщІу къагъэнакъым. Абы мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм я щІыхь, щытхъу тхыльхэр, дамыгъэ льапІэхэр.

ЩХЪЭЩЭМЫЩІ Изэ.

СыткІи щапхъэ

Ахьмэт Раисэ Бахьсэн районым и егъэджакІуэ пажэхэм ящыщщ. Зи гъащІэр сабий гъэсэным езыпхъ щыхуёбым ильэс 50-м нэбгэгъуэу егъэджакІуэ Іэнатіэ мытыншыр ирехьэкІ.

1962 гъэм Раисэ фЫы дыдэу зэреджэр кьалъытэри, педучилищэм и еплІанэ курсым кьыщІашри, КъБКъУ-м и филологие къудамэм щІагъэтІысхьауэ щытащ. Зэреджэм хуэдэуэрэ, Къэсейхьэблэ дэт езанэ курыт еджапІэм и пэщІэдзэ классхэм дэжьым щыщІидзащ Ахьмэтым. 1967 гъэм Къэсейхьэблэ еянэ классым нэс щрагъаджэу еджапІэ кьыщызэІуаха нэужь, и лэжьыгъэм абы щыпещэ. И Іэнатіэм псэ хьэлэкІэ зэрыбгъэдэтыр кьалъытэри, Раисэ кэуд дэмыкІыу ягъэув еджапІэм и унафэщІым и хуэдэу.

Раисэ и гъэсэнхэм щІэныгъэм и «дунейр» кьахуэзыІуихьыныкІэ, абы дригъэхьхыныкІэ сытым дежи Іэмалыщ Іэхэр кьилъхьэрт, дерсхэр гъэщІэгъэуну зэрригъэпсыным хущІэкъурт. Класс нэхьыжьхэм щІэсхэм я деж адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Ахьмэтым, ятэ классым щыщІэдзауэ еянэр кьаухьауэ сабийхэм ядэлажьэмэ нэхъ кьызэрищтэр щыжиІэм, а Іуэхур кьыдаІыгъащ. ЕгъэджакІуэм дежкІэ ар гъэунэхуныгъэт, ауэ гугъуехьым кьыпимыкІуэту еса Ахьмэтыр а Іуэхуми фЫы дыдэу пэлъэщащ. Абы щыгъуэм Раисэ иригъэджа щІыхь 19-м щыщу 17-м щІэныгъэ нэхьыщхьэ зрагъэкъуэтащ.

Дэтхэнэ зы егъэджакІуэми и лэжьыгъэм епха щхьэ гуэр иІэщ.

- Гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ зэкъуэпІч хьунукьым, - жеІэ Ахьмэтым. - Сэ сытым дежи мыхьэнэщхэу изот сабийм и гъэсэныгъэм. Щыху мыгъасэр сыт хуэдэ лъапІэныгъэми ебэкъуэфынущ, абы щІэныгъэ бгъэдгъэми, и щхьэм фІэкІа, нэгъуэщІым сэбэныщхъуэ хуэхъуфынукъым.

Раисэ иригъаджэхэм яхуэткІийкъым. Абы фЫы дыдэу кьыгуроІуэ шынагъэкІэ сабийм зыри зэрымыгъэщІэфынур. Аращи, и гъэсэнхэм дзыхь кьыхуащІу, яку пщІэ дэлъу, гушхуауэ щытын папщІэ, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкІэ кьыхуегъуэтыф, жьлагъэ лэжьыгъэхэм жьыджэру хешэ.

- Сабийхэм си гум яхуилъэІфІагъыр псалъэкІэ пхужьІэнукъым, езыхэми фІыуэ сыкъызэралъагъум щэч кьытехьэхэркъым, - жеІэ Раисэ. - Пэжщ, сабийхэр кьыпхуэгъэщІэнукъым, абыхэм уаэзрыхуащытыр фЫы дыдэу зыхащІэу зэрыжаІэр сэ згъэунэхуащ.

Ахъмэтым и псальэхэм щыхьэт тохъуэ абы иригъэджакъуэ иджы и Іэщ Іагъэр кьыхэзыхыжа, КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым и 2-нэ курсым щІэсхэу Ахьмэт Рустамрэ Тхьэгъэпсо Миланэрэ Раисэ теухуауэ кьыджаІар:

- Гъэгугъэлъагъуэу диІэщ дэ Ахьмэт Раисэ. Ар ди егъэджакІуэм и мызакъуэу, анэм, ныбжьэгъуфІым хуэдэу кьытхэтащ, гъащІэм дыхуиущиящ. Ноби кьыткІэлъопль - иригъэджа дэтхэнэ зыми и Іуэху зытетым щыгъуазэу, и ехьулІэныгъэм щыгуфІыкІыу апхуэдэщ а щыху гъуэзэджэр.

Ахъмэтым и гъэсэнхэм кьаухкІащ республикэм, районым щыщІэрыІуэ щыхуэ пажэ куэд. Нобэ кьыдэлажьэхэм я нэхъыбэри иригъэджащ Раисэ.

- Лъабжьэ згъэтІылъар быдэу зэрыжар си гъэсэнхэм я деж щызэольагъужри, сроГуфІэ, сроГушхуэ, - жеІэ Ахьмэтым. - Кьару кьызэзытри дэжьыгъэм сытеуцуагъэ зыхуэри сабийр сэгъаджэхэм я ехьулІэныгъэрщ. Иджыпту зэманыр гугъущ, ауэ, дапхуэдэу щымытми, уелІалІэмэ, гурэ псэкІэ уабгъэдэтмэ, щІалэгъуалэр лъэпкъыр зэрыгушхуэн щІэблэу кьыпхуэгъэтэджынущ.

И гъэсэнхэм я зэфІэкІырщ егъэджакІуэм и лэжьыгъэр кьызэралъытэр. Абы иригъадкхэр щІэх-щІэхыуэр хэтщ районым, республикэ зэхъэзэхуэхэм икІи сытым дежи абыхэм бжьыпэр щаубыд.

- Гупым нэхъыжьыфІ кьыпхэтыныр зыхуэдэ щыІэкъым, - жеІэ школым и унафэщІ Джэтокъуэ Валерэ. - ЕгъэджакІуэ Іэщ Іагъэр уи лъым хэтын хуейуэ кьыщІэкІынщ, армыхьэмэ сэ сщІэркъым Ахьмэт Раисэ и Іэнатіэм хуиІэ лъагъэныгъэ мыужьыкыр кьызыхэкІыр. Раисэ еджакІуэхэм ярит щІэныгъэмрэ абыхэм гъэсэныгъэу яхилъхьэмрэ ди школым и щІэр кьэзыІэт лэжьыгъэщ. Еш зымыщІэ, ту мыпсэху зиІэ а щІыхь гуэзэджэр ди школым щыщ дэтхэнэ зыми и щапхъэщ.

Лэжьыгъэм и ветеран, категорие нэхъыщхьэ зиІэ егъэджакІуэм и гуащІэр гулъытэнщІу къагъэнакъым. Абы мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм я щІыхь, щытхъу тхыльхэр, дамыгъэ льапІэхэр.

ЩХЪЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● КъШР-м кьратхыкІ

Хьэл-щэн яхельхьэ

- Адыгэбзэмкіэ дерсхэм, нэгъуэщІ предметхэм къащхьэщыкІыну, гъэсэныгъэ и льэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ. Ар хэкур фІыуэ льагъуным, тхыдэр, хабзэхэр сабийм егъэщІэным хуэзыгъасэ Іэмал гъуэздджэщ, - и гупсысэкІэ кьыддогуащэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Хьэрэщей куейм и Малокурганнэ жьлэм дэт курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъаджэ, УФ-м и Президентым и сагъэтыр 2007 гъэм зыхуагъэфэща Хьэпітіу Анетэ Рэіуфэ и пхьур.

АДЫГЭБЗЭМ сабийхэр дезыгъэхьэх, зыгъэгупсысэ, нэхьыбэ кьащІэным хущІэзыгъэкъу лэжьыгъэхэр и дерсхэм кьыщигъэсабэныр Анетэ гулъытэ хэха зыхуищІ Іэмалщ. Сабийм анэдэлъхубзэр егъэщІэнымкІэ джэгукІэхэм мыхьэнэшхуэ яІэу кьелъытэ егъэджакІуэм. Анетэ зэрыжиІэмкІэ, кьиргъэсбэп джэгукІэхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ япкърыльщ, абыхэм еджакІуэхэм халъхьэ гулъытэрэ хьэл-щэнрэ, ахэр бзэм и беягъым щагъэгъуазэ.

Дерсхэм кьыщигъэсбэп нэгъуэщІ Іэмалхэм теухуауэ Анетэ жеІэ:

- Проект лэжьыгъэхэр зы егъэкІуэм е зыбжанэм ягъэзэщІэнкІэ мэхъу. Мыбы дэтхэнэ сабийми и кьару кьихьыр кьыщІегъэльагъуэ, езыр-езыру лажьэу зегьаСэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр зэщхьэщІокІ. Зэман мащІэкІэ зэлэжь проектхэр урокищлліым щагъэзащІэ е темэ гуэрым щІыгъуу зэпэрах. Псальэм папщІэ, щыІэщІэр дджын щыщІэддзэм деж, терикъум папщІэ кьыщэрагъэпэща зэпеуэм и «Іуащхьэмахуэ» журналым и гушІэ папэкІуэцІхэр» номинацэм япэ увыпІэр кьыщихьащ Кьущхэ Ларисэ. Абы и гъэсэнхэрэ зэхьэзэхуэхэм щыхуэ зэмыхуэкьым: Кьардэнгъущі Зыраныку кьыззэрагъахуэрэ ильэс 90 зэрырикъум теухуауэ сочиненэ тхьэныкІэ республикэм щекІуэкІа зэпеуэм етІуанэ увыпІэр кьыщихьащ Ларисэ иригъаджэ Мэремкъуэ Сосрыкъуэ, ещанэ хьуащ Кьэжэр Данэ.

- ЕгъэджакІуэм и лэжьыгъэр кьызэралъытэр и гъэсэнхэм я ехьулІэныгъэрщи, абы и льэныкъуэкІэ сыкьулейщ, - жеІэ Ларисэ.

Ар зэрыгушхуэр и гъэсэнхэм ящІыщІ КъБКъУ-м щылажьэхэу филологие щІэныгъэхэм я кандидатэу ХьутІэжь Заудинрэ Уэзлікъуэу Вячеславрэ. И Іэщ Іагъэр кьыхэзыхыу егъэджакІуэ хъуари мащІэкъым.

ТЕКІУЖЬ Заре тэ.

Машекинэ Ольгэ «Адэ-анэхэм я зэІущІэ» тепльэгъуэм хэтщ.

● ЩІэблэ зэчнифІэ

ЕтІуанэ увыпІэ къахь

НДЖЫБЛАГЪЭ Санкт-Петербург щекІуэкІащ «Щы хъурейм и къэкІуэнур» зыфІаща дунейпсо щэнхабзэ зэпеуэ. Абы хэтащ къэрал куэдым я ныбжьыщІэ зэчнифІэхэр. Ахэр зэхьэзэхуащ уэрэд жьыІэныкІэ, псэпкъ кьафхэр гъэзэщІэныкІэ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым икІаущ Іэнэр, къэльтамэ ГъУрыр, тхьэвхьэлыуэр, дэ пыІэр абдеж щигъэльэгъащ, езыр-езыр адыгэ фащэкІэ хуэпауэ къэпсэльащ.

«ЕГъэджакІуэр и ГъащІэ псокІэ езыри йоджэ», - жеІэ. ЩІэблэм адыгэбзэр егъэщІэным псэемыблэжу хуэлажьэ егъэджакІуэ зэчнифІэр и ІэкІуэльакІуэгъэкІэ эдынэса льагаліэм къызэрыщІмыувыІэнур нэрылъагъуди, адэкІи ехьулІэныгъэфІхэр иІэну ди гуапэщ.

АБДОКЪУЭ Люсанэ.
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ.

Адыгэбзэр егъэбзэрабзэ

Аргуан кьуажэм дэт ещанэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ Къуищхьэ Ларисэ щылажьэ пэщІэ псоми кьахуэхуэІ. Кабинет щыкьыпІэм дежи фІэлъщ Къэзанокъуэ Жэбагы, Нэгумэ Щор, ПащІэ Бэчмырзэ, Щоджэнщыкіу Алий сымэ я сурэтхэр, я гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэ кІэщІхэр дэщыгъ уу.

ЕГЪЭДЖАКІУЭ Іэщагъэм ирилэжьэн щІэзыдзэхэр япэу зрикъэІэ гугъуехьэм ящыщу еджэным димыкъэж сабий я гъэсэнхэм зэрахэтыр. Ильэс 29-рэ хьуауэ пщІэ кьыхуащІу, категорие нэхьыщхьэ иІэу лажьэ Ларисэ зэрыжиІэмкІэ, абы еджакІуэхэм Іэмал зэхуэмыдзэхэр кьахуегъуэтри и дерсым дрегъэхьэх.

- Си гъэсэнхэм сахуэткІийкъым, фІыуэ кьызэроІуэ уи макъыр утІыпщауэ жжепІэкІэ, уатекІиекІэ, сабийхэм зыри зэрымыгъэщІэфынур. ЕджакІуэхэм школым псом нэхъ-рэ нэхъыщхьэу кьыщІахьын хуейр цыхухэм зэрахэзэгъэн гъэсэныгъэ, хабзэ, хьэл-щэн дахэхэрщ, щІэныгъэр абыхэм ящыкІыщ. Сабийм гъэсэныгъэ хэмыльмэ, щІэныгъэ пхубгъэдэлъхьэнукъым, - жеІэ Ларисэ.

И зэманым щымысхэу, емызэщІу Ларисэ зэрылажьэ, сыт щыІэуи хэкІыпІэ кьызэригъэтым и щыхьэтщ и урокхэм зы еджакІуэ щымыпсалъэу икІи щымызэранц, дерсхэр яфІэтхэщІэгъэуну зэрекІуэкІыр.

Адыгэбзэм дэщыгъуу адыгэ хабзэхэр тхыдэри и гъэсэнхэм ярегъащІэ Къущхьэм. Къэбэрдей Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу, «Псоми ди гуфІэгъуэщ, Къэбэрдей!» классщІыб урокыр кьыхэзыгъэпэщащ, «Зыуэщ, гъуэгу махуэ, Къэбэрдей!» урок-семинарыр иригъэкІуэкІащ.

- Адыгэбзэр зыджыну хуэмей зы сабий екІуэдаІэркъым мы еджапІэм. Урокхэм кьыщыбгъэсэбэп хьун методикэ пособиехэр щащІэщ жьдмыІэу, зэрыхьукІэ кьыдогъэсбэп «Адыгэ псальэ» газетыр, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэр, - кьыпещэ Ларисэ и псальэм.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм щэнейрэ лауреат щыхьащ Ларисэ. 2007 гъэм республикэм щекІуэкІа «Ильэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» льэпкъ проектым щытекІуащ.

Районеи, республикэм щекІуэкІ егъэджэныгъэ Іуэху-гъуэхэм жьыджэру зэтущІэгъэджакІуэ пэрытри абы иригъаджэхэри. «Іуащхьэмахуэ» журналыр ильэс 50 зэрырихуэ, Къэбэрдей!» урок-семинарыр иригъэкІуэкІащ.

- Адыгэбзэр зыджыну хуэмей зы сабий екІуэдаІэркъым мы еджапІэм. Урокхэм кьыщыбгъэсэбэп хьун методикэ пособиехэр мащІэщ жьдмыІэу, зэрыхьукІэ кьыдогъэсбэп «Адыгэ псальэ» газетыр, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэр, - кьыпещэ Ларисэ и псальэм.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм щэнейрэ лауреат щыхьащ Ларисэ. 2007 гъэм республикэм щекІуэкІа «Ильэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» льэпкъ проектым щытекІуащ.

Районеи, республикэм щекІуэкІ егъэджэныгъэ Іуэху-гъуэхэм жьыджэру зэтущІэгъэджакІуэ пэрытри абы иригъаджэхэри. «Іуащхьэмахуэ» журналыр ильэс 50 зэрырикъум папщІэ кьыщэрагъэпэща зэпеуэм и «Іуащхьэмахуэ» журналым и гушІэ папэкІуэцІхэр» номинацэм япэ увыпІэр кьыщихьащ Кьущхэ Ларисэ. Абы и гъэсэнхэрэ зэхьэзэхуэхэм щыхуэ зэмыхуэкьым: Кьардэнгъущі Зыраныку кьыззэрагъахуэрэ ильэс 90 зэрырикъум теухуауэ сочиненэ тхьэныкІэ республикэм щекІуэкІа зэпеуэм етІуан